



# Royal Palm School



## Reyinyon Anyèl Tit I

Yon prezantasyon an Kolaborasyon  
avèk Pwogram Depatman Federal ak  
Leta ak Lekòl Title I yo



# Objektif Reyinyon an



- Lwa pou Chak Elèv Reyisi a (Yon lwa federal) mande lekòl Tit I yo pou fè yon Reyinyon Anyèl pou eksplike epi diskite pwogram Tit I lekòl yo, dwa paran, ak lòt obligasyon lekòl yo.



- Yo ankouraje fanmi yo pou poze kesyon epi bay sijesyon pou amelyore pwogram Tit I lekòl yo.



# Kisa Tit I an ye?

Tit I an fè pati yon lwa federal ki bay lekòl li seleksyone yo lajan pou:

- ede satisfè bezwen ak objektif edikatif elèv,
- ofri estaf yo fòmasyon pwofesyonèl, epi
- Sipòte asosyasyon ant lekòl ak paran.





# Kijan yon lekòl kapab vin Tit I?



- Kondisyon Elijiblite pou Ane Akademik 2024-2025
  - Distri a analize done sou revni yo (Repas gratis ak pri redui (FRPL), Sètifikasyon Dirèk (Direct Certification)
  - Distri a fikse kondisyon kalifikasyon yo dapre lwa federal ak lwa Eta a:
    - 70% pou primè, mwayen ak lekòl yo konbine
    - 67% pou lekòl segondè





# Sa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Plis fon pou sipòte elèv, pwofesè ak fanmi!
  - Fon sa yo depase lontan sa Distri a ofri.
  - Fon yo konsantre sou ansèyman elèv, devlopman pwofesyonèl pou pwofesè nou yo, ak aktivite pou ranfòse asosyasyon nou ak fanmi yo.




# Kisa sa vle Di pou Lekòl nou yo?

- Dwa pou Paran ak Fanmi yo enfòmè ak patisipe nan
  - Reyinyon Anyèl Tit I
  - Komite pou pran Desizyon (Reyinyon pou Pati Enterese yo fè kòmantè)
  - Dwa pou paran patisipe
  - Plan Angajman pou Paran ak Fanmi\*
  - Kontra ant Lekòl - Paran\*
  - Avi sou Dwa pou paran Konnen (*Right-to-Know*)\*
  - Sondaj



# Pwogram Tit I nan Tout Lekòl la

- Tout elèv benefisyè
- Tout pwofesè benefisyè
- Tout fanmi benefisyè





# Plan pou Tout Lekòl nou an (SWP)

- *Evalyasyon Bezwen Global (Comprehensive Needs Assessment)*
- *Aktivite pou sipòte Bezwen (Activities to Support Needs)*
- *Plan Angajman Paran ak Fanmi (Parent and Family Engagement Plan (PFEP))*
- *Eleman Naratif (Narrative Components)*







# Pwen Santral Tit I

Pou satisfè rezilta nou prevwa yo, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou sa ki anba yo:

- **Enstriksyon nan salklas**

Abònman sou entènèt ak kourikoulòm:

- Abònman sou entènèt pou sipòte ansèyman diferansye pou satisfè bezwen elèv nou yo
- Kourikoulòm ki aliye ak estanda, objektif endividyèl ak entèvansyon pou konplimante enstriksyon diferansye

Pwovizyon:

- Founiti pou sipòte kominikasyon elèv yo pou ede elèv yo patisipe nan ansèyman nan salklas la

Konsiltan Edikasyon: Cox Science Center Discovery Dome ak pone pèsonèl



# Pwen Santral Tit I

Pou satisfè rezilta nou prevwa yo, n ap itilize fon Tit I ane sa a pou sa ki anba yo:

- **Angajman Paran-Fanmi**

- Fòmasyon pou sipòte bezwen fanmi yo nan planifikasyon pou siksè apre lekòl segondè
- Sware STEAM pral pran plas an janvye epi bay aktivite pratik pou fanmi yo

- **Devlopman Pwofesyonèl**

- Fòmasyon pwofesè ak anplwaye ak kolaborasyon pou asire koneksyon Lakay/Lekòl
  - *Kominikasyon Fonksyonèl*
  - *Estrateji ki baze sou konpòtman*



# Angajman Fanmi ak Paran

Rechèch montre lè paran ak manm fanmi angaje nan edikasyon, li pi fasil pou elèv yo:

- fè pi bon nòt
- bay pi bon rannman nan tès
- prezan lekòl
- adapte ak chanjman
- gen pi bon aptitud sosyal
- pase pou lòt klas
- gradye
- kontinye edikasyon yo apre lekòl segondè



# Plan Angajman Paran & Fanmi

- Abreje PFEP
- Dekri kòman nou enplike fanmi nan edikasyon elèv
- Redije avèk kontribisyon fanmi ak estaf pandan reyinyon pou jwenn opinyon moun ki enterese yo
- Pataje lè gen reyinyon SAC pou revize si sa nesesè
- Yo voye rezime PFEP lakay pou tout fanmi



# Plan Angajman Paran & Fanmi

- Royal Palm School la [PFEP](#)
- Gen ladann deklarasyon misyon angajman paran nou an
- Fason nou travay ak paran yo, fanmi yo ak kominote a pou ogmante siksè elèv yo
- Ki jan nou bay opòtinite pou fòmasyon paran/fanmi
- Ki jan nou kowòdone ak òganizasyon ak depatman yo
- Ki jan nou bay aksè
- Ki jan nou pataje enfòmasyon enpòtan ak fanmi yo ak moun ki gen enterè yo



# Seminè Fòmasyon pou Paran

Annakò avèk Plan Angajman Paran ak Fanmi, nou ta renmen envite w vin patisipe nan fòmasyon nan dat ki anba yo:

- *Tranzisyon nan adilt*
- *Ajans pou Moun Andikape yo*
- *Tranzisyon nan jadendanfan*
- *Fòmasyon adisyonèl*





# Kontra ant Paran ak Lekòl la

- Chak lekòl Tit I dwe genyen yon Kontra ant Paran ak Lekòl la, men se paran, manm fanmi ak pèsonèl lekòl la ki pou ekri l.
- Kontra ant Paran ak Lekòl la defini responsablite elèv, paran, manm fanmi ak estaf lekòl la nan fè efò pou ogmante rannman elèv la.





# Kontra ant Paran ak Lekòl la

- Revizyon Kontra ant Paran ak Lekòl pou ane 2025
- Sijesyon pou Kontra ane pwochèn nan
- Kesyon






# Dwa Paran pou Konnen

Fanmi yo gen dwa pou poze kesyon:

- Sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè pitit yo;  
ak
- si yon moun ki pa pwofesè ap anseye pitit yo, nan ka sa a, kalifikasyon pwofesyonèl li.





# Dwa Paran pou Konnen

Yo dwe enfòmè fanmi yo:

- si yon pwofesè gen kat semèn oswa plis l ap anseye pitit yo san li pa satisfè kondisyon pou l anseye nivo klas oswa matyè l ap anseye a; ak
- kòman pitit yo degaje yo nan egzamen leta tankou ak SSA.

FSA, EOCs,





# Pwogram Edikasyon Migran (MEP)

Bi Pwogram Edikasyon Migran an se pou ede tout elèv migran yo rive leve tout defi yo ka rankontre nan aktivite akademik yo, yon fason pou yo kapab gradye avek yon diplòm segondè (oswa pase pwogram GED) kap ede yo gen bon jan edikasyon kap prepare yo vin yon sitwayen responsab, gide yo nan sa yo pral aprann, ak rive fè siksè nan travay yo.





# Pwogram Edikasyon Migran



Asire bezwen elèv migran yo satisfè e pou ede yo simonte:

- entèripsyon nan lekòl
- baryè kiltirèl ak lang
- izole tèt ou yon kote apa
- Manke resous sante
- tranzisyon pou kolèj osinon al travay apre lekòl segondè

Pou amelyore opòtinite edikasyonèl elèv migran yo nan ede yo:

- Sèvis akademik/sosyal siplemantè pou elèv yo ak fanmi yo
- Tranzisyon nan nouvo lekòl (yo)
- satisfè kontni akademik eta/distri ki difisil yo
- gradye nan lekòl segondè



# Premye etap se jwenn tout elèv migran yo

- Entèvyou yo fèt an pèsòn pa yon Rekritè MEP ki resevwa fòmasyon pou itilize kondisyon kalifikasyon Federal ak Eta
- Enfòmasyon pou Kontakte Pwogram nan:  
Jorge Echegaray  
Manadjè, Migrant Education Program  
Depatman Edikasyon Miltikiltirèl  
[Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org](mailto:Jorge.Echegaray@palmbeachschools.org)  
(561) 202-0356





# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri Tout Elèv Genyen Dwa pou Jwenn Edikasyon

*Ekip McKinney-Vento Homeless Education Program*

*(MVP)* kapab ede fanmi k ap viv:

- nan yonabri, motèl, machin, oswa sou teren kanpman;
- nan la ri;
- nan kay abandone oswa kay ki delabre;
- nan motèl/otèl; oswa
- abite tanporèman ak fanmi oswa zanmi akòz yon difikilte



# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

Tout lekòl genyen yon Moun ki se Kontak *McKinney -Vento* & Jesyonè Ka nan *McKinney-Vento Homeless Education Program (MVP)*, k ap travay avèk fanmi pou:

- bay lekòl founiti klasik, inifòm, sèvis adisyonèl ak manje gratis nan lekòl;
- òganize transpò pou ale lekòl kote yo soti a epi retounen lakay;
- jwenn sipò ak resous kominotè;
- deside ki lekòl ki ta pi bon pou timoun nan;
- kominike avèk lekòl la;
- ak plis toujou.



# Elèv K ap Fè Eksperyans Sanzabri

## Enfòmasyon pou Kontakte MVP

Kontakte pwogram *McKinney-Vento Homeless Education Program* (MVP) oswa w ta renmen ranpli yon Kesyonè sou Lojman pou Elèv

- (561) 350-0778
- [MVPhomeless@palmbeachschools.org](mailto:MVPhomeless@palmbeachschools.org)





## Patisipasyon Paran yo

Nou ankouraje w pou:

- Patisipe nan reyinyon IEP pitit ou a
- Konferans paran yo
- Ale nan Fòmasyon Paran yo
- Evènman Lekòl la
- Reyinyon SAC



# Konklizyon

- Opòtinite pou paran poze kesyon ak bay opinyon
- Konplete [evalyasyon](#)

Mèsi pou prezans, patisipasyon ak opinyon w.

Nou espere w pase yon bòn ane akademik!